

Fòmilè Koleksyon Done Sou Benefisyè Dwa Sivil pou Pwogram Restoran nan Sezon Ete (SFSP)

Non sit SFSP la: _____

Depatman Agrikilti nan Etazini (USDA) egzije pou pwomotè pwogram SFSP yo mande patisipan yo pou yo **idantifye tèt yo nan tout kategori rasyal ak etnik** ki aplike yo. Done sa yo ede USDA detèmine si SFSP a rive sou patisipan ki elijib yo epi idantifye ki kote aksyon sansibilizasyon siplemantè nesèsè. *Refize bay enfòmasyon sa yo pa afekte kalifikasyon SFSP a.* Tanpri ranpli enfòmasyon ki anba a epi retounen li **bay nenpòt pèsonèl SFSP nan sit restoran pou ete a.** Mèsi.

Orijin Etnik: Tanpri tcheke (☑) yon kaz.

- Ispanik oswa Latino** Yon moun ki gen kilti oswa orijin Kiben, Meksiken, Pòtoriken, Amerik Disid oswa Amerik Santral oswa lòt orijin Panyòl, kèlkeswa ras la. Ekspresyon "orijin Panyòl" la ka itilize anplis de "Ispanik oswa Latino."
- Pa Ispanik oswa Latino**

Ras: Tanpri tcheke (☑) tout sa ki aplikab yo.

- Amerendyen oswa natif Alaska :** Amerendyen oswa natif natal Alaska: Yon moun ki orijinè pèp Amerik Dinò ak Amerik Disid (sa enkli Amerik Santral), epi ki kenbe afilyasyon avèk tribi oswa atachman komintotè.
- Azyatik:** Yon moun ki orijinè pèp Ekstrèm Oryan, Azi Sidès, oswa sou kontinan Endyen an, tankou Kanbòdj, Lachin, End, Japon, Kore, Malezi, Pakistan, Zile Filipin, Taylann ak Vyetnam.
- Nwa oswa Afriken- Ameriken:** Yon moun ki orijinè nan youn nan gwoup ras nwa Afrik yo.
- Natif Awayi oswa lòt zile nan Pasifik la:** Yon moun ki orijinè Awayi, Guam, Samoa, oswa lòt zile Pasifik yo.
- Blan:** Yon moun ki orijinè nan youn nan pèp Ewòp, Mwayen Oryan, oswa Afrik Dinò.

Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), kwayans relijye, andikap, laj, kwayans politik, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa sivil yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte ajans (eta oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, ki mal pou tande oswa ki gen andikap pou pale kapab kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan: <https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ad3027-haitian-creole.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (833) 620-1071, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòmè Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli a:

1. pa lapòs: Food and Nutrition Service, USDA
1320 Braddock Place, Room 334
Alexandria, VA 22314; oswa
2. faks: (833)-256-1665 oswa (202)-690-7442; oswa
3. imèl: FNSCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.